# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–28 सितम्बर 2024 भोजपुरी समाचार

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहले हवें कि हाले में भइल वन रैंक वन पेंशन क समीक्षा के बाद से सेना क जवानन के परिवार के अउरियो बेसी धनरासि मिलि सकी। जम्मू में एगो चुनावी रैली के सम्बोधित करत उहां के बतवलीं कि अबले फौजी परिवारन के येह योजना से एक लाख बीस हजार करोड़ रूपिया से बेसी क धनरासि मिलि चुकल हौ। उहां के कहलीं कि बरिस दुइ हजार चउदह में उनकर सरकार बनले के बादे ई योजना लागू कइल गइल रहे।

**********

प्रदेस के बिहने से भारी बरखा से राहति मिलि सकी। हलांकि हल्लुकाहे बरखा तीनि दिन ले जारी रहि सके ला। मौसम वैज्ञानिक मोहम्मद दानिश आकाशवाणी के बतवलें कि अब भारी बरखा नाही होई। येह बिच्चे पूरबी उत्तर प्रदेस क गोरखपुर अउर एकरे लग्गे के जिलन में आजु दुपहरिया बाद तेज बरखा से लोगिन के राहति मिलल। दुइ दिन से लगतारे बरखा से जन–जीवन परभावित भइल हौ। प्रदेस के कई जिला में आजु बरखा के नाते स्कूल–कॉलेज बन्न रहे। कई जिला में नदियन क जलस्तर बढ़ले से बाढ़ि जइसन हालति हो गइल हौ। नेपाल के पहाड़न पर भारी बरखा अउर वाल्मीकि नगर बैराज से लगतारे पानी छोड़इले से कुशीनगर क बूढ़ी गण्डक नदी क जलस्तर बढ़ि गइल हौ अउर दरज भर गांव में बाढ़ि क खतरा मड़राये लागल हौ। बलरामपुर जिला में राप्ती नदियो क जलस्तर बढ़ल हौ। एके देखत जिला प्रसासन सज्जो बाढ़ि चउकियन के अलर्ट कइ दिहले हौ।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ बिहने गोरखपुर में मल्टीनेशनल ब्रांड पैप्सिको क फेंचाइजी वरूण ब्रवरेज के यूनिट क उदघाटन करिहें। ई इकाई ग्लोबल इन्वेस्टर्स समिट दुइ हजार तेइस के बाद अबले गीडा में दुइ हजार सात सौ सड़सठ करोड़ रूपिया के निवेस प्रस्ताव क हिस्सा हौ। येह प्रस्तावन के जरिया से चारि हजार तीनि सौ ओन्नइस लोगिन के रोजिगारो मिलि चुकल हौ। मुख्यमंत्री बिहनहीं गीता वाटिका में हनुमान प्रसाद पोद्दार क एक सौ बत्तीसवां जयंती समारोह के कार्यक्रमों में सामिल होइहें।

**********

भारतीय रेलवे आगामी तिउहारन के देखत पहिली अक्टूबर से तीस नवम्बर ले देस भर में छौ हजार से बेसी बिसेस ट्रेन चलाई। रेलवे हर सालि तिउहार के मौसम में बिसेस ट्रेन चलावे ला। पछिला सालि येह तिउहारी सीजन चारि हजार चारि सौ ओन्तीस स्पेसल ट्रेन चलावल गइल रहे।

**********

कानपुर में भारत अउर बांग्लादेस के बिच्चे दुसरा आ आखिरी क्रिकेट मैच के दुसरको दिन्ने आजु बरखा के नाते बाधा पड़ल। काल्हि पहिला दिन्ने बांग्लादेस पहिला पारी में तीनि बिकेट पर एक सौ सात रन बनवले रहे। दुइ टेस्ट मैच के श्रृंखला में भारत एक सुन्न से आगे हौ।

**********

ओडिसा राज्य क बालासोर जिला में बीतल राति प्रदेस के बलरामपुर जिला क तीर्थयात्रियन क बस पलटि गइले से दुइ यात्रियन क मउति हो गइल आ दस जने घाही हो गइलें। ई यात्री ओडिसा में बाबा भुवनेश्वरनाथ क जतरा से लवटत रहलें। दुन्नो मृतक अउर नौ गो घाही लोगि बलरामपुर जिला के थान्हा गौरा चौराहा इलाका क हवें जबकि एगो घाही थान्हा पचपेड़वा क रहवइया हौ। सिद्धार्थनगर जिला के डुमरियागंज से ई बस तीरथ करावे गइल रहे।

**********

स्वच्छता ही सेवा पखवाड़ा के तहत कुशीनगर जिला के नगर पंचायत सुकरौली में भारी बरखा के बिच्चे सफाई मित्र लोगि अपने सामान्य कामकाज के सथहीं एक सौ पचपन घंटा लगतारे सफाई कइलें अउर लोगिन के जल भराव से मुक्ती दियवलें।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, गृह मंत्री अमित शाह अउर प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु अमर सहीद भगत सिंह के जयंती पर सरधांजलि दिहले हवें। एगो सोसल मीडिया पोस्ट में श्री मोदी कहलें कि ऊ अइसन अमर सेनानी हवें जे मातृभूमि क रक्षा बदे आपन जान न्यौछावर कइ दिहलें।

**********

आजु स्वरकोकिला, भारत रत्न स्वर्गीय लता मंगेशकर के जयंती पर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ उन्हें सरधांजलि दिहले हवें। एगो सोसल मीडिया पोस्ट में मुख्यमंत्री कहलें कि लता मंगेशकर अपने आवाज अउर सुर से भारतीय संगीत के नया ऊंचाई दिहले रहलिनि। संगीत जगत उनकर ऋणी रही।

**********

महाराजा अग्रसेन क पांच हजार एक सौ ओन्चासवीं जयंती सप्ताह आ समिति स्थापना दिवस क नब्बेवां सालगिरह समारोह बिहने से मिर्जापुर जिला में सुरू होई। येह कड़ी में तीनि अक्टूबर के महाराजा अग्रसेन अउर कुलदेवी मां महालक्ष्मी क पूजन होई। नवरातर के दौरान चारि अक्टूबर के डाण्डिया नाइटो क आयोजन कइल जाई।

**********